CENTRAL ASIAN JOURNAL OF MULTIDISCIPLINARY RESEARCH AND MANAGEMENT STUDIES

www.in-academy.uz




# BIYDAYDÍŃ XALÍQ XOJALÍPÍNDA ORNI

**Kurbanbaeva Gulshad Sarsenbaevna**

**Qaraqalpaqstan Mámleketlik Universiteti úlken oqıtıwshısı**

**kurbanbaevagulsad@gmail.com**

**Aytimbetova Azada**

**Qaraqalpaqstan Mámleketlik Universiteti Ximiya-texnologiya fakulteti azıq- awqat texnologiyası qánigeligi 3- kurs student**

https://doi.org/10.5281/zenodo.14230235

**ARTICLE INFO**

Received: 19 th November 2024
Accepted:20th November 2024
Published:27th November 2024

**KEYWORDS**

*biyday, dárilik, kepek, kraxmal, lutein, zeaksantin, belok, masaq,aleyron qatlamınan, un tárizli endosperma hám urıqtan*

**ABSTRACT**

*Maqalada biydaydıń xojalıq áhmiyeti, strukturalıq paydalı strukturaları, onıń azıq-awqat wazıypasınan tısqarı dárilik qásiyetleri haqqında maǵlıwmatlar keltirilgen. Biyday hám biyday ónimleriniń hár bir bóleginiń ayrıqsha quramı hám organizm ushın paydalı tárepleri haqqında pikir júrgizilgen. Sonıń menen birge, tábiyatdaǵı áhmiyeti hám tur hám sortlarına da tariyp berilgen.*

Biyday dániniń dúzilisi hám ximiyalıq quramı. Biyday — eń áhmiyetli azıq-awqat ónimi esaplanadı. Onıń tiykarǵı qásiyetlerinen dániniń dúzilisi hám ximiyalıq quramı, onı quraytuǵın kletkalarınıń dúzilisi menen quramı esaplanadı.

Biyday dáni qabıqtan, aleyron qatlamınan, un tárizli endosperma hám urıqtan ibarat. Biyday dánin sırtqı jaǵınan miywe hám tuqım qabıqları (1) menen qaplanǵan. Miywe qabıǵınıń astında tuqım qabıǵı jaylasqan. Ol juqa ammort bolıp, dán massası 2 — 2,5 %. Miywe hám tuqım qabıqlarınıń quramında az muǵdarda belok, qantlar menen maylar bolıp, tiykarǵı bólegin mineral zatlar hám insan organizminde kem sińiriletuǵın cellyuloza, gemicellyuloza sıyaqlı zatlar quraydı. Bunnan basqa, miywe hám tuqım qabıqları unnıń reńin qaraytadı, yaǵnıy sapasın tómenletedi. Sonıń ushın miywe hám tuqım qabıqları un islep shıǵarıw procesinde ajıratıp alınadı.






*Biyday dániniń kletkaları dúzilisi*
*1-miywe hám tuqım qabıqları. 2-Aleyron qatlamı .3- tolıq endosperm . 4-urıq*

Aleyron qatlamı (2) endospermnıń sırtqı qatlamı bolıp, bir qatar qalıń diywallı kletkalardan quralǵan. Aleyron qatlamınıń quramında beloklar, maylar, qantlar, tsellyuloza hám mineral zatlar boladı. Aleyron qatlamı dán massasınıń 49% in quraydı. Biyday dánininń ishki bólegin tolıq endosperm(3) iyeleydi. Endosperm kraxmal hám belok bóleksheleri menen tolı bolǵan úlken kletkalardan ibarat.







*Biyday dánin sırtqı jaǵınan miywe hám tuqım qabıqları*

Endospermnıń biyday reńi aq yáki biraz sarı boladı. Endosperm dánininń kese kesimi: móldir, un sıyaqlı yáki tolıq emes móldir bolıwı múmkin.
Endospermnıń ximiyalıq quramı dánnıń qalǵan barliq bólimlerininń quramınan ózgeshe boladı. Onıń quramı 72 — 82 % kompleksi qásiyetleri de joqarı dárejedegi áhmiyetke iye. Biydayda gliadin hám glyutenin beloklarıı bar. Bul beloklar suwda bógip óz massasına qaraǵanda 200 - 300 % suwdı jutadı hám kleykovina dep atalatuǵın, baylanısqan, elastikalıq massanı payda etedi. Kleykovinanıń iyilgish-elastikalıq qásiyetleri biyday unnan joqarı gewekliktegi nan hám ayrıqsha sapalı makaron ónimlerin tayarlaw imkaniyatın beredi. Dánnıń ushqır tárepinde jaylasqan urıq (4) sırtqı tárepinen miywe yáki tuqım qabatı menen qaplanǵan. Unnıń massası dán massasınıń 2-3 % in quraydı. Tuqımnıń quramında: 33-39 % belok, 25% qant, 12-15% may, 2,2-2,6 % tsellyuloza hám mineral zatlar bar. Urıq vitaminlerge bay boladı. Dánde suwdıń muǵdarı 14% esabında, beloklar — 11,6-12,5 %, uglevodlar — 67,5-68,7 %, sonıń ishinde kraxmal — 53,7-54,9 %, cellyuloza — 2,3-3,4%, maylar 1,6-1,9%, mineral zatlar — 1,7-,8 % bolıp tabıladı.

Biydaydı jetistiriwde tábiyat áhmiyetli orın tutadı. Ásirese Ferǵana oypatlıǵınıń geografiyalıq shárayatı, danli eginlerge hám basqa awıl xojalıq tarawına tásir kórsetiwshi organizmlerdiń ornı úlken. Biydaydı maydalap, sút menen aralastırıp, qaynatıp, ash qarınǵa ishiw, sidik sistemasınıń keselliklerin aldın aladı. Olar qaynaǵan suwda menen suziledi, qalıńlıǵı ajratıladı hám kúnine bir neshe ret ishiw talap etiledi. Biydaydı qóllaw biyday túrli keselliklerdi emlew hám denedegi mashqalalardı saplastırıw ushın qollanıladı. Biyday belok, minerallar, B toparı vitaminler deregi esaplanadı, yaǵnıy salamatlıqtı bekkemleytuǵın ájayıp azıq-awqat. Solay etip, ol kleykovina dep atalatuǵın xarakterli belokdıń sapası hám muǵdarı sebepli basqa dánlerge qaraǵanda nan tayarlaw ushın keń qollanılatuǵın tiykarǵı shiyki zat esaplanadı. Biydaydıń bir qansha shıpabaxsh pázıyletleri bar; biyday quramındaǵı kraxmal hám kleykovina ıssılıq hám energiya beredi. Qayta islew processinde alıp taslanǵan biyday

urığı zárúrli E vitaminine bay bolıp, onıń jetispewshiligi júrek keselliklerine alıp keliwi múmkin. Qayta islengen biyday unında vitaminler hám minerallardıń joǵalıp ketiwi ishtıń qatıwı hám as sińiriw kesellikleri hám awqatlanıwdıń aynıwınıń keń tarqalıwına alıp keledi.

Biyday vitaminler hám minerallardıń deregi bolıp, olardıń muǵdarı ol jetistiriletuǵın topıraq quramına baylanıslı. Dán quramında beloklar, uglevodlar, kraxmal, talshıqlar, karotenoidlar hám antioksidantlar bar. 100 gr. biydaydıń quramı tómende keltirilgen,vitaminler: B5-10% ,V-1 26% ,B3-22% ,B6-18% ,B9-10% ,mineral zatlar: temir-25%, magniy-23%, kaliy12%, fosfor-36%.

Biydaydıń kaloriya muǵdarı 100 g ushın 342 kkal. Biyday dánleri quramındaǵı talshıqlar muǵdarı qan basımın hám infark keseliklerin paseytiredi. Biyday organizmge júrek qásteligine alıp keletuǵın xolesteroldiń sıńırıwınıń aldın alıwǵa járdem beredi. Miy hám nerv ushın biyday quramındaǵı temir, E vitamini hám B vitaminleri serotonin islep shıǵaradı. Kózler ushın biydayda karotenoidlar, atap aytqanda, kóz densawlıǵı ushın zárúrli bolǵan lutein, zeaksantin hám beta-karotin muǵdarı kóp.

**Juwmaq;** Biyday quramındaǵı cink shashtı bekkemleydi jáne onı ziyanlanıwın aldın aladı. Immunitet ushın biyday tábiyiy bawır deregi esaplanadı. Olar saratan kletkalarınıń artıwın aldın alıwǵa járdem beredi. Biyday dánleri qalıń ishek saratanı keselik múmkinshiligın páseytiredi. Dán, áyyemgi arsinogen quralı bolıp, hayallarda tós bezi saratanı qáwpin azaytadı. Biyday málim aminokislotalardıń qan tamırları hám deneniń isiwin keltirip shıǵarıwına jol qoymaydı. Júrek-qan tamır salamatlıǵın jaqsılaydı. Tolıq biyday dánin paydalanıw júrek paydalı esaplanadı. Garmonlar dárejesin tártipke saladı. Biyday dánin paydalanıw ayırım garmonlardıń, ásirese estrogen hám insulindi normal dárejede ustap turıwǵa járdem beredi. Buǵdayda qáwipli kletkalardıń ósiwin basıwshı hám aldın alıwshı zatlar bar. Bul ónim kúshli immun sistemasın payda etedi. Biyday tiykarındaǵı ónimler fizikalıq shınıǵıwlar, kesellikler, stresslerden keyin kúsh tiklewge járdem beredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1.Kretovich V. L. Bioximiya zerna i xleba. M.: Nauka, 1991.- 136 s.
2.С.С.Равшанов. Дон намлиги ва унинг технологик аҳамияти.Монография.
ISBN 978-9943-6695-2-9 © Firdavs-Shoh nashriyoti, Тошкент-2020.
“Тошкент кимё технология институти” босмахонасида чоп этилган.

3. Kurbanbayeva, G. . (2023). INNOVATIVE WAYS OF INCREASING GRAIN PRODUCTIVITY IN THE AGRICULTURE. Journal of Agriculture & Horticulture,

3(9), 21–24. Retrieved from https://internationalbulletins.com/intjour/index.php/jah/article/view/1332

4.Kurbanbaeva Gulshad, & Askarova Khurshida. (2024). GRAIN AND GRAIN STRUCTURE. American Journal of Applied Science and Technology, 4(03), 29-33.https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06

5. Kurbanbaeva , G. ., & Dauletiyarova , M. (2024). QORAQALPOG’ISTON RESPUBLIKASIDA BIOSTIMULYATORLARNI BOSHOQLI DON EKINLARGA QO’LLASH VA HOSILDORLIGINI OSHIRISH. Евразийский журнал академических исследований, 4(4), 146–151.

https://doi.org/10.37547/ajast/Volume04Issue03-06